

Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE ENSTWIKSYON POU DEPLWAYE RESOUS
PREVANSYON KONT INONDASYON YO NAN KOMINOTE LAKE ONTARIO YO**

***Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ak Depatman Transpò a Ap
Deplwaye Yon Fason Pwoyaktif 216,000 Sak Sab ak Divès Machin pou Fè Sak Sab
yo***

***Ajans Eta yo an Alèt, Yo Pare pou Asiste Nenpòt Kominote Ki Te Afekte Pa Nivo
Dlo Ki Ap Monte yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te pase ajans Eta yo enstwiksyon pou kòmanse deplwaye resous pou pwoteje kominote yo ki sou tout rivaj Lake Ontario yo kont inondasyon potansyèl ki ta ka koze pa nivo dlo ki ap monte nan lak yo. Apre inondasyon grav yo nan peyi Kanada, Komisyon Konjwen Entènasyonal la (International Joint Commission, IJC) ap kontinye redwi kouran dlo ki ap soti nan Baraj Moses-Saunders lan ki sou Rivyè St. Lawrence nan yon efò pou minimize enpak yo, pandan ke nivo dlo lak yo aktyèlman rete a plis pase yon pye pi wo pase nivo mwayen an. Ak presipitasyon ke yo prevwa pou rejyon nòdès lan nan jou ki gen pou vini yo epi san notifikasyon sou lè kouran dlo ki ap soti yo pral ogmante, Gouvènè Cuomo ap asire ke lokalite yo gen aksè a resous ke yo bezwen lè yo ap pran mezi pwoyaktif sa yo.

"Apre ke nivo dlo sou liy kotyè Lake Ontario yo te monte rive nan pi wo nivo elve yo nan 20 ane an 2017, ki te lakòz enpak devastatè sou rivaj lan, nou konnen enpòtans ki genyen pou pran mezi pwoyaktif pou evite inondasyon potansyèl nan rejyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan kad yon pakèt seri prekasyon, nou ap deplwaye resous sa yo pou pwoteje kominote ki bò rivaj Lake Ontario a yo epi redwi nivo dlo ki ap monte yo."

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Cuomo [te voye yon lèt](#) bay Komisyon Konjwen Entènasyonal la pou mande ke li maksimize kouran dlo ki ap soti nan sistèm Lake Ontario a pou evite inondasyon ke plizyè milye moun New York te fè fas a yo nan ane 2017. Depi lè sa a, nivo dlo yo te rete pi wo pase nivo dlo mwayen yo epi yo prevwa ke yo pral ogmante nan semèn ki gen pou vini yo, ki bezwen deplwaman pwoyaktif resous eta yo nan rejyon an pou pwoteje pwopriyete kay yo ak biznis yo kont inondasyon potansyèl yo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) te kòmanse kowòdone apèl pou preparasyon ki regilye yo ak patnè lokal yo, epi li ap pozisyonè resous krisyal pou entèvansyon ak rekiperasyon yo sou tout rivaj lak la yo pou redwi enpak inondasyon potansyèl yo anvan li rive. Deja, yo te kòmanse deplwaye yon total 216,000 sak sab nan espas estratejik yo ki nan Konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne.

Divizyon an prepare tou pou yo deplwaye 6,771 pye baraj akwatik pou pwoteje pwopriyete rivaj yo si sa nesesè.

Ekspè ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC) yo kontinye ap sipèvize done ak rapò ki soti nan IJC sou pwojeksyon nivo dlo yo pou idantifye zòn potansyèl ki ka afekte pa nivo dlo ki ap monte yo. An plis, pèsonèl Pèmi DEC a yo prepare pou asiste minisipalite yo oswa pwopriyete pwopriyete yo pou nenpòt pèmi ki nesesè pou asire ke yo bay otorizasyon pou ka fè reparasyon ki nesesè oswa pou estabilize pwopriyete yo kont nivo dlo ki elve yo ak evènman gwo vag dlo ki koze pa van yo. Depi apre evènman nivo dlo elve yo an 2017, DEC te bay plis pase 3,000 pèmi pou mezi ijans yo ak mezi pwoteksyon rivaj yo pou abòde enpak nivo dlo elve yo sou tout rivaj Lake Ontario, Rivyè Lower Niagara ak Rivyè St. Lawrence yo.

Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) ap bay aktyèlman de ekip ki gen 12 moun ki konpoze de moun ki nan prizon ki kalifye pou ranpli sak sab yo. Yon ekip ki soti nan Sant Tretman Dwòg nan Willard (Willard Drug Treatment Center) ap travay nan etablisman Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a ki nan Sodus, NY. Lòt ekip lan ap ranpli sak sab yo nan etablisman DOT Eta a ki nan Hilton, NY. DOCCS gen kapasite pou yo aktive sis ekip travay adisyonèl nan jou ki ap vini yo jan sa nesesè.

An plis, Depatman Transpò Eta a, an kowòdinasyon ak ekip travay ke Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a te bay la, ap sipèvize operasyon pou kreye sak sab yo nan etablisman li yo ki nan chak ywit konte yo ki pataje fwontyè ak Lake Ontario. Efò sa yo te deja kòmanse nan Konte Wayne ak Monroe, kote plis pase 10,000 sak sab te ranpli nan wikenn sa a epi yo pare pou deplwaman.

Chèf Pèsonèl Depatman Transpò Eta a Todd Westhuis te deklare, "Pèsonèl dedike nou yo ap travay pou asire ke pilye sak sab ki ranpli yo pare epi disponib nan chak kominote ki ka afekte pa nivo dlo ki ap monte yo sou tout rivaj la. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, ajans nou an totalman prepare epi rete pare pou vin asiste patnè lokal nou yo ki nan gouvènman an nan fè entèkansyon pou pwoblèm ki an rapò ak inondasyon yo sou tout wout, pon, kanivo ak sistèm drenaj lokal yo".

Komisè Pa Enterim nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans nan Eta New York Ian Patrick A. Murphy te deklare, "Malerezman, menas inondasyon grav yo te vin yon nouvel reyalyte pandan plizyè ane ki sot pase yo pou kominote yo ki bò rivaj Lake Ontario. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, New York pi prepare pou abòde pwoblèm dezast natirèl yo pase jamè. Ekspè jesyon ijans nou yo te an kominikasyon konstan ak patnè lokal nou yo epi nou rete pare pou vin asiste yo nan nenpòt fason ke nou kapab".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos, te deklare, "Pèsonèl DEC yo ap rete an alèt entansifye epi rete pare pou vin asiste nenpòt kominote ki afekte pa nivo dlo ki ap monte yo sou Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence. Pandan ke klima ki ap chanje nou yo ap alimante plis evènman presipitasyon ekstrèm ak inondasyon yo, Gouvènè Cuomo te asire ke New York prepare epi ap pran mezi pou

amelyore rezistans kotyè nou. Nou pral kontinye siveye kondisyon zòn nan epi yo pare pou fè entèkansyon pou nenpòt enpak ki koze pa nivo dlo ki ap ogmante yo".

Aprè inondasyon Lake Ontario ak Vwa Maritim St. Lawrence lan nan ane 2017, ki te lakoz gwo dega nan kay, biznis, ak enfrastruktir lokal yo, Gouvènè Cuomo ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan te kowòdone avèk patnè onivo konte ak onivo lokal yo pou yo kontwole nivo dlo yo epi distribye resous yo, ki gen ladan anpil milyon sak sab ak konstwiksyon plizyè milye pye baraj tanporè. An plis, Gouvènè a te reyisi garanti yon deklasyon dezast federal pou konte yo ki afekte pa inondasyon yo, ki gen pami yo Konte Monroe ak Cayuga, ki te inisyaman pa enkli nan deklarasyon an, jiskaske Gouvènè a te lanse yon apèl.

Eta a te pran yon angajman pou bay 95 milyon dola pou rivaj Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo. Pwogram retablisman an te kòmanse avèk yon angajman inisyal 45 milyon dola pou ede rezidan yo, ti biznis yo, ak minisipalite inondasyon an te afekte yo. Yo te ajoute de sibvansyon 5 milyon dola ki soti nan Pwogram Etablisman Eta ak Minisipalite a yo (State and Municipal Facilities Program) pou ranfòse èd yo te bay deja yo epi ofri asistans finansye ki nesèsè pou efò retablisman yo. Bidjè Eta 2018-19 lan te gen ladan yon 40 milyon dola adisyonèl pou pwogram rekiperasyon an, ki te kontinye sipòte rekonstwiksyon ak estabilizasyon rivaj yo, ranbousman pou reparasyon ijans yo pandan inondasyon yo ak rekonstwiksyon dig lan.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)